# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–26 अक्टूबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम क एक सौ सत्ताइसवां कड़ी में देसवासियों से आपन बिचार साझा कइलें। छठ महापरब क सुभकामना देत उहां के कहलीं कि ई परब संस्कृति, प्रकृति अउर समाज के बिच्चे क एकता क प्रतीक हौ।

***छठ का महापर्व संस्कृति, प्रकृति और समाज के बीच की गहरी एकता का प्रतिबिंब है। छठ के घाटों पर समाज का हर वर्ग एक साथ खड़ा होता है। मैं छठी मैया को नमन करता हूँ। सभी देशवासियों को, विशेषकर बिहार, झारखंड और पूर्वांचल के लोगों को छठ महापर्व की शुभकामनाएँ देता हूँ।***

श्री मोदी कहले कि ऑपरेशन सिंदूर हर भारतीय के गौरव से भरि देहले हौ।

***'ऑपरेशन सिंदूर' ने हर भारतीय को गर्व से भर दिया है। इस बार उन इलाकों में भी खुशियों के दीप जलाए गए जहाँ कभी माओवादी आतंक का अंधेरा छाया रहता था। लोग उस माओवादी आतंक का जड़ से खात्मा चाहते हैं जिसने उनके बच्चों का भविष्य संकट में डाल दिया था।***

प्रधानमंत्री वस्तु अउर सेवा कर–जीएसटी बचत उत्सव के लेके लोगिन में उछाह पर खुसी जतवले। उहां के कहलीं कि बजारन में देस में बनल समान क खरीददारी बहुते तेजी से बढ़ल हौ।

प्रधानमंत्री सफाई से जुड़ल देस के कईगो सहरन क प्रेरक कहानियन क जीकिर करत लोगिन के सफाई बदे सचेत रहले क बाति कहलीन। श्री मोदी कहलें कि सरदार बल्लभ भाई पटेल क जयंती इकतीस अक्टूबर के मनावल जाई। उहां के सज्जो लोगिन से एह मौका पर होखे वाले रन फॉन यूनिटी में हिस्सा लिहले क निहोरा कइले। श्री मोदी भारत के राष्ट्रीय गीत वंदे मातरम् क जिकिर करत कहलें कि सात नवंबर के हम्मन के एकरे एक सौ पचासवां बरिस उत्सव में प्रवेस कइल जाई। प्रधानमंत्री सज्जो लोगिन से वंदे मातरम् के महिमामंडन बदे कोसिस करले अउर हैशटैग वंदेमातरम् 150 के साथे सुझाव भेजले क निहोरा कइले।

**********

वस्तु अउर सेवा–कर बचत उत्सव क फायदा समाज के सज्जो लोगिन ले पहुंच रहल हौ। आजु हम आप लोगिन के बताइब कि अगला पीढ़ी क जीएसटी सुधार से कवने तरियन प्रदेस क अर्थव्यवस्था में तेजी आ रहल हौ।

***नये जीएसटी सुधार उत्तर प्रदेश के स्थानीय उद्योगों के लिए महत्वपूर्ण साबित हुए हैं। खिलौनों और लघु शिल्प वस्तुओं पर जीएसटी 12 प्रतिशत से घटाकर 5 प्रतिशत कर दी गई है। इसी प्रकार 2,500 रुपये तक की कीमत वाले चमड़े के सामान पर केवल 5 प्रतिशत जीएसटी लगने से चमड़ा उद्योग के व्यापार पर भी बढोतरी हुई है। इसके अलावा, पीतल के बर्तनों पर जीएसटी 12 प्रतिशत से घटकर 5 प्रतिशत करने से एमएसएमई को बढ़ावा मिला है। वहीं, कांच के बने पदार्थ और चूड़ियों पर जीएसटी 5 प्रतिशत हो जाने से श्रमिकों और कारीगरों को लाभ मिला है। रोहन और समर्थ के साथ, अक्षित वैद्यान, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।***

**********

सुरूजदेव क उपासना क चार दिन क महापरब छठ नहाय खाये के साथे सुरू हो गइल हौ। परब के दुसरका दिन्ने आजु ब्रती लोगि खरना कइलें। एकरे बादी छत्तीस घंटा क निरजल उपवास सुरू हो गइल हौ। बिहने डूबत सुरूजदेव अउर मंगर के उगत सुरूजदेव के अरघा देहले के साथ ई महापरब पूरा हो जाई। अरघा देवे बदे नदी घाट, सरोबर आ पोखरन के सजावल जा रहलि हौ अउर सरधालु बेदी बनवले हवें। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ परदेसवासियन के छठ परब पर सुभकामना देहले हवें।

**********

छठ पूजा के दौरान यात्रियन क सुबिधा बदे रेलवे पुरहर इतिजाम कइले हौ। येह दौरान तकरीबन छौ हजार एक सौ एकासी बिसेस रेलगाड़ी चलावल जा रहल हौ। अगिला दुइ दिन में नौ सौ से बेसी टरेन चलावल जाई। भीड़ के सम्हारे बदे बिहार अउर यूपी के तीस परमुख स्टेसनन पे बेसी कोच क इतिजाम कइल गइल हौ सथही मौसम के हिसाबी से प्रतिक्षालय बनावल गइल हौ।

**********

कार्तिक क पुनवासी के दिन्ने मनाए जाए वाले देव दीपावली पर बनारस में गंगा नदी के घाटी पर पचीस लाख दीया जरावल जाई। येहमें दस लाख दीया राज्य सरकार के ओरि से आ बाकी दीया लोकल कमेटी के ओरि से जरावल जाई। पर्यटन बिभाग तीन से पांच नवंबर ले चेत सिंह घाट अउर गंगा दुआर पे प्रोजेक्शन मैपिंग आ लेजर शो क आयोजन करी। गंगा पार एरिया में दस मीनट ले ग्रीन आतिशबाजी शो आयोजित कइल जाई।

**********

जौनपुर जिला के रामपुर थान्हा इलाका में आजु सरधालुअन से भरल एगो चार पहिया गाड़ी सड़क के केनारे ठाड़ ट्रके से टकरा गइल जेह से गाड़ी में सवार तीनि लोगिन क मउति हो गइल। ई लोगि विंध्याचल धाम क दरसन करे के बादि अपने जिला अम्बेडकर नगर लउटत रहले। ऐ घटना में आधा दरजन लोगि घाही भइल हवे जेहकर एलाज अस्पताल में चलि रहल हौ।

**********